



Pou Piblikasyon Imedya: 29/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DE PRIM PWOJÈ ENÈJI EWOLYÈN BÒ KOT, POU
DISTRIBIYE ENÈJI PWÒP AN 2026**

***Empire Wind I ak Sunrise Wind pral ankouraje plis pase 800 djòb akoutèm k ap
soutni fanmi yo***

***2 milya dola nan investisman devlopman ekonomik akoutèm, enkli sipò pou
kominote ki defavorize yo***

***Pwojè yo akòde yo plis pase 1,700 megawat enèji pwòp - pi gwo pwojè
pwodiksyon enèji nan Eta New York nan plis pase 35 ane***

***Pèmèt konstriksyon youn nan pi gwo enstalasyon pòtyè ki dedye pou enèji
ewolyèn bò kot nan Etazini nan Tèminal Maren Sid Brooklyn lan***

***Reprezante pwogrè nan direksyon objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak
Pwoteksyon Kominotè Eta a pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn bò kot disi
2035***

Gouvènè Hochul te anonse jodi a Eta a kondisyonèlman akòde de pwojè enèji ewolyèn bò kot nan katriyèm solisitasyon enèji ewolyèn bò kot li a – yon pwojè 810 megawat planifye, Empire Wind 1, (ki devlope pa Equinor) ak Sunrise Wind, yon pwojè 924 megawat planifye (ki devlope pa Orsted ak Eversource). Pwojè yo chwazi yon fason konpetitif yo pral kreye plis pase 800 djòb konstriksyon akoutèm ki soutni fanmi yo e yo pral investi 2 milya dola nan devlopman ekonomik amelyore akoutèm nan tout eta a, ki gen ladan investisman pwomotè yo angaje pou sipòte kominote ki defavorize yo. Pwojè yo, ki totalize plis pase 1,700 megawat enèji pwòp, pral pi gwo pwojè pwodiksyon enèj nan Eta New York nan plis pase 35 ane yon fwa yo antre nan operasyon an 2026, epi yo pral kontinye pwogrè nan direksyon akonplisman Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Lwa Klima) objektif pou devlope 9,000 megawatt enèji ewolyèn olaj zòn kot disi 2035.

"Mwen te pwomèt pou m fè New York yon kote pou endistri enèji renouvlab fè biznis, epi n ap kenbe pwomès sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Enèji ewolyèn bò kot fondamantal pou batay kont chanjman klimatik nou an, epi prim sa yo demontre lidèchip

nasyonal nou an pou avanse yon rezo elektrik zewo emisyon ki gen pi bon valè pou Nouyòkè yo."

"Anons jodi a se dènye pa annavan pandan Prezidan Biden ap kontinye fè pwogrè istorik sou devlopman endistri enèji ewolyèn bò kot Ameriken an, sa k ap kreye travay sendika ki byen peye, ak avanse objektif anbisyè ak enèji pwòp anbisyè nou yo", **deklarasyon Konseye Nasyonal Adjwen pou Klima nan Mezon Blanch lan, Mary Frances Repko.** "Avèk sipò nan ajanda Envesti nan Etazini Prezidan an, pwojè sa yo pral benefisyè travayè lokal yo ak kominote yo epi ranfòse yon baz fabrikasyon domestik ki pwolonje atravè nasyon an. Administrasyon Biden-Harris la pral kontinye fè patenarya ak lidè tankou Gouvènè Hochul ak lòt gouvènè atravè peyi a pou konstwi sou efò enèji ewolyèn bò kot san parèy – soti nan pèmèt pwojè ak lokasyon zòn enèji ewolyèn, pou katalize yon chèn apwovizyonman Fabrike Ozetazini (Made in America), pou agrandi enfrastrikti pòtyè ak enfrastrikti transmisyon yo."

Anons jodi a reprezante aksyon kontinyèl Eta a pran nan kad Plan Aksyon 10 pwen New York la, [ki te anonse](#) pa Gouvènè Hochul an 2023, sa ki lakòz yon seleksyon konpetitif ki plis pase 1,700 megawatt (MW) enèji pwòp (MW) ki pwodui lokalman, sa ki ase pou alimante yon milyon kay New York epi delivre apeprè 10 pousan bezwen elektrisite Vil New York ak Long Island.

Kòm pwojè ki gen matirite, Empire Wind I, ki sitiye a 24 km sou rivaj New York la, ak Sunrise Wind, ki sitiye plis pase 48 km nan lès pwen lès Long Island, te deja konplete pifò etap enpòtan pou otorizasyon federal ak eta a, ki gen ladan Empire Wind I k ap resevwa apwobasyon final plan Konstriksyon ak Operasyon pa yo nan men Biwo Jesyon Enèji Oseyan (Bureau of Ocean Energy Management, BOEM) semèn pase a. Yo prevwa tou de pwojè yo pral ogmante aktivite konstriksyon ane sa a pandan y ap mennen envestisman lokal yo ak benefis ekonomik amelyore nan Eta New York nan pri konpetitif. Prim jodi a yo depann sou ekzekisyon kontra ki fè siksè. Anplis de sa, yo te mete pwojè Community Offshore Wind 2 nan lis datant epi yo ka konsidere yo pou yon prim ak negosyasyon kontra nan yon dat pita.

Konbine, Empire Wind 1 ak Sunrise Wind pral:

- Diminye emisyon gaz ki lakoz efè sè pa plis pase twa milyon tòn metrik chak ane, emisyon anyèl ki ekivalan plis pase 740,000 machin.
- Inogire konstriksyon ak operasyon pò asanblaj ak preparasyon Tèminal Maren Sid Brooklyn (South Brooklyn Marine Terminal, SBMT) lan, pou demare plis pase 400 djòb konstriksyon ane sa a pou transfòme sit bòdmè 28 ekta ki inaktif kounye a an yon kominote ki defavorize an yon pò enèji ewolyèn bò kot k ap pwospere.
- Envesti plis pase 80 milyon dola nan konstriksyon ak manifakti ki asosye ak eleman fondasyon avanse nan Port of Coeymans.
- Kontinye fè envestisman ki totalize 135 milyon dola nan enfrastrikti rezo elektrik nan Long Island ak 200 milyon dola nan envestisman ki gen rapò ak transmisyon, ki te sipòte pa yon Akò Travay Pwojè (Project Labor Agreement,

PLA) ak komèsan ak komèsant kalifye nan Long Island, ki gen ladan operatè ekipman lou, elektrisyen, ak travayè liy yo.

- Bay benefis sante piblik ki soti nan ekspozè ekspozisyon redwi pa rapò ak polyan danjere yo – ki gen ladan mwens epizòd maladi ak lanmò prematire, mwens jou ekòl oswa travay ki rate, mwens entèripsyon nan biznis, ak swen sante ki pi ba pri.
- Ofri yon pakèt benefis ki an amoni ak objektif Lwa Klima yo, ak plis pase 1 milya dola investi nan kominote ki defavorize yo, 117 milyon dola pou sipòte biznis minorite ak fanm yo posede ak biznis veteran yo posede, ak plis pase 43 milyon dola nan investisman devlopman mendèv.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Mwen ekstrèmman fyè de kapasite demontre ekip NYSERDA a pou reponn rapidman a defi sou mache yo lè li egzekite avèk ekspètiz sou demann rapid sa a nan yon fason ki asire konpetisyon, yon pwosesis evalyasyon solid epi ki bay yon pri ki konpetitif nan mache jodi a. Nou kontan wè Equinor ak Orsted ak Eversource entèvni kounye a epi dinamize pwojè sa yo akoutèm. Anons jodi a montre davantaj lidèchip Gouvènè Hochul nan enèji renouvlab ak angajman Eta New York pou fè patenarya ak konpayi ki pral distribiye enèji ewolyèn bò kot pwòp, kreye travay pou jenerasyon k ap vini yo epi devlope enfrastrikti pò enpòtan an menm tan."

NYSERDA te deja akòde Empire Wind 1 ak Sunrise Wind an 2019 kòm yon pati nan premye solisitasyon NYSERDA pou enèji ewolyèn bò kot. Kòm yon pati nan prim sa yo, pwojè yo pral fèt nan nouvo dispozisyon kontra ki pote benefis adisyonèl pou Eta a, tankou:

- Nouvo angajman benefis ekonomik pi wo pase sa ki te okòmansman nan kontra, ki gen ladan 32 milyon dola ki angaje pou investisman ki konsantre sou kominote a nan kominote defavorize New York yo ak 16.5 milyon dola pou siveyans bèt sovaj ak lapèch.
- Angajman pou achte yon minimòm de 188 milyon dola fè ak asye Ameriken, sa k ap sipòte fabrikasyon Etazini ak Lwa New York Achte Ameriken (New York Buy American).
- Kondisyon pou Akò Lapè nan Travay (Labor Peace Agreements, LPA) pou sèvis operasyon ak antretyen.

Enpak mwayèn sou bòdwo pou kliyan yo pandan dire lavi pwojè a nan kad prim sa yo pral apeprè de pousan, oswa apeprè 2.09 dola pa mwa. Mwayèn pri devlopman total pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot yo akòde pandan dire lavi kontra yo se 150.15 dola pou chak megawat-èdtan, sa ki egal ak dènye pri sou mache yo. Apre egzekisyon kontra avèk siksè, paman NYSERDA anba prim sa yo pral kòmanse sèlman yon fwa ke pwojè yo te jwenn tout pèmi ak apwobasyon ki nesèsè yo, yo te fini epi yo kòmanse delivre enèji pwòp nan New York.

Molly Morris, Prezidan Equinor Renewables Americas, te deklare, "Gouvènè Hochul ak NYSERDA te montre yon lòt fwa ankò angajman yo an vè enèji ewolyèn bò kot epi nou rekonesan ke yo te chwazi Empire Wind pou ede trase wout la. Sa a se yon pwojè avanse ki pral byento delivre enèji renouvlab fyab ak plizyè santèn milye Nouyòkè, ak benefis anviwònman ak ekonomik ki kòmanse nan nivo lokal epi ki pral pwolonje atravè eta a. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak NYSERDA pou egzekisyon pwosesis akselere sa a epi nou pa ka tann pou nou kontinye angajman kominote a pandan n ap avanse nan direksyon yon revolisyon nan Tèminal Maren Sid Brooklyn nan prentan sa a."

Vis Prezidan Egzekitif ak PDG Gwoup Ørsted pou Amerik, David Hardy, te deklare, "Avèk prim pwovizwa sa yo nan katriyèm solisitasyon enèji ewolyèn bò kot New York la, nou ka wè tout pati nan ekonomi enèji ewolyèn bò kot eta a ap reyini, epi nou ekstrèmman fyè de wòl Sunrise Wind pral jwe nan nouvo endistri enèji pwòp Ameriken sa a. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak administrasyon li paske yo te fè endistri sa a avanse pou pi devan nan yon moman enpòtan nan benefis Nouyòkè aktyèl ak alavni yo. Sunrise Wind sou wout pou l ajoute prèske yon jigawat kapasite enèji pwòp nan rezo New York la nan fen ane 2026 la, pandan l ap kreye djòb ak nouvo chemen karyè, l ap envesti nan kominote lokal yo, l ap divèsifye melanj enèji rejyonal la, epi l ap pwopilse eta a nan direksyon sib enèji pwòp li a."

Anplis de prim sa yo epi an akò ak Plan Aksyon 10 Pwen New York la, NYSERDA espere anonse prim pou pwojè renouvlab tèt Nivo 1 an avril 2024. Plan Aksyon 10 Pwen New York la sèvi pou ranfòse devouman Eta pou devlopman enèji pwòp, dirabilite, ak kwasans ekonomik epi li sipòte pwogrè Eta a nan direksyon pou atenn objektif Lwa Klimatik yo, ki gen ladan jwenn 70 pousan elekrisite Eta a soti nan sous renouvlab yo apati 2030.

Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik la Rory M. Christian te deklare, "Mwen aplodi efò detèminasyon Gouvènè Hochul pou asire New York rete sou wout pou l atenn objektif enèji pwòp li yo. Pwojè tankou sa yo pral kreye djòb enèji pwòp epi ki byen peye ke nou pral bezwen pou sipòte ekonomi nou an alontèm."

Senatè Eta a Kevin Parker te deklare, "Anons jodi a montre angajman New York pou fè avanse pwojè enèji renouvlab malgre defi enprevi yo. Mwen felisite Gouvènè a pou lidèchip li epi mwen optimis ke Eta New York pral kontinye atake chanjman klimatik, reyalize objektif klimatik nou yo epi bay Nouyòkè yo benefis enpòtan yo."

Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare, "Pwojè sa yo reprezante kòmansman yon nouvo epòk opòtinite pou New York, kote pwojè enèji pwòp yo pral kreye plizyè milye travay sendika ki byen peye epi alimante kay ak biznis nou yo ak enèji pwòp abondan pandan y ap debarase ekonomi nou an anba emisyon ki detwi planèt la."

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, "Anons de kontra enèji ewolyèn bò kot renouvle sa yo montre angajman New York pou kenbe nou sou rit pou atenn objektif

70% nou an 2030. De pwojè ki gen matirite sa yo reprezante 10% kouran ki nesèsè nan pati sid Eta New York epi yo ta dwe bay ase kapasite pou alimante yon milyon kay New York, pandan y ap envesti nan kominote nou yo, pandan y ap kreye djòb ki byen peye, epi sipòte manifakti Etazini ak Lwa New York Achte Ameriken an."

Manm Asanble Deborah Glick te deklare, "Transfè nan enèji pwòp, dirab, tankou enèji ewolyèn, nesèsè pou reyalize objektif klima New York yo. Empire Wind 1 ak Sunrise Wind pral non sèlman pote plis pase 1,700 megawat enèji pwòp, men pwojè sa yo pral kreye plis pase 800 djòb ki dirab epi kreye plizyè milya dola nan devlopman ekonomik, sa ki pwouve ke pwojè ki sove anviwònman yo ka kreye travay ak grandi ekonomi York la. Mwen bat bravo pou lidèchip Gouvènè Hochul nan avanse objektif Lidèchip Klima ak Lwa Pwoteksyon Kominotè New York la nan pwojè sa a ak odela."

Gary LaBarbera, Prezidan Metye Konstriksyon Eta New York (New York State Building Trades) la, te deklare, "Pandan New York ap kontinye pouswiv objektif li etabli nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, li enpòtan pou nou avanse pwojè enèji ewolyèn bò kot a gwo echèl ki ranfòse enfrastruktir enèji pwòp nou yo epi kreye plizyè milye karyè sendika ki byen peye pou Nouyòkè k ap travay di yo. Nou bat bravo pou lidèchip nan Albany ak NYSERDA paske yo te avanse inisyativ sa yo sou rivaj Long Island ak Brooklyn ki pral pwopilse nou nan objektif klimatik nou yo, ki pral ede inogirasyon yon nouvo ekonomi vèt, epi ki pral leve kominote nou yo ki pa jwenn ase sèvis. Komèsan ak komèsant nou yo pa ka tann pou yo jwe yon wòl nan avanse pwojè enpòtan sa yo pou pi devan epi pouswiv karyè ki soutni fanmi yo ak chemen ki menm nan klas mwayèn yo kreye yo."

Prezidan AFL-CIO Eta New York, Mario Cilento, te deklare, "Nou kontan dèske prim sa a gen ladann estanda travay legal ki pi sevè akòz lejislasyon gouvènè a te siyen ane pase a. Sa pral asire avni enèji pwòp New York la konstwi, opere, konsève, repare ak fabrike pa travayè ki touche bon salè, epi ki jwi benefis ak pwoteksyon kontra sendika yo garanti".

Prezidan Konsèy Mendèv Santral Vil New York (New York City Central Labor Council) la, Vincent Alvarez, te deklare, "Konsèy Mendèv Santral Vil New York la, bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSERDA pou pwogrè enpòtan yo te anonse jodi a lè yo akòde pi gwo pwojè pwodiksyon elektrisite nan Eta New York nan plis pase 35 ane, ak pou angajman kontini yo anvè estanda travay solid pandan n ap fè tranzisyon vè yon ekonomi enèji pwòp. Mouvmen Mendèv Vil NY la pa ka tann pou kontinye travay ansanm pou asire ke pandan n ap envesti nan avni enèji revouvlab nou, abòde chanjman klimatik la epi ede reyalize endepandans enèji, n ap kreye tou bon travay sendika epi konstui yon ekonomi ki solid epi rezilyan pou tout Nouyòkè."

Prezidan Federasyon Mendèv Long Island (Long Island Federation of Labor) lan, AFL-CIO, John Durso, te deklare, "Moun k ap travay nou reprezante yo devan sèn kriz klimatik la, epi jodi a se yon bon jou devan sèn lan. Lidèchip Gouvènè Hochul ki te akselere pwosesis demann lan te kenbe Eta New York sou wout pou l reyalize 9 GW

disi 2035 epi li te bay plis investisman ekonomik ki pral rezidan Long Island yo kontinye travay."

Prezidan Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon (Building and Construction Trades Council) Konte Nassau ak Suffolk la, Matthew Aracich, te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul ak NYSERDA pou lidèchip yo ak travay di yo nan katriyèm solisitasyon New York la. 800 djòb konstriksyon Metye Batiman pou soutni fanmi ki pral kreye kòm rezilta demann sa a pral vrèman bouje egui ekonomik la isit la nan Long Island. Opòtinite endistri enèji ewolyèn bò kot la bay la pral pèmèt Metye Batiman yo bay ouvèti nou soti nan manm kominote pase nan apranti ak konpayon pou ane k ap vini yo; filyè sa a bay rezidan lokal nou yo yon chemen reyèl ki mennen nan klas mwayèn nan."

Direktris Egzekitif Enterimè Alyans pou Enèji Pwòp New York la, Deb Peck Kelleher, te deklare, "Anons jodi a se yon viktwa pou tout Nouyòkè yo. Lè yo fini, pwojè enèji ewolyèn bò kot sa yo pral fè yon enpak tanjib nan atenn objektif klima ak enèji renouvlab eta nou an. Nouyòkè yo pral respire pi fasil ak pwodiksyon elektrisite pwòp. Antanke yon endistri k ap grandi, enèji ewolyèn bò kot ap kontinye rete yon pati entegral nan avni enèji pwòp nou an."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Long Island (Long Island Association, LIA) lan, Matt Cohen, te deklare, "LIA a bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSERDA paske yo avanse pwojè enèji ewolyèn bò kot enpòtan yo, ki pral pote benefis transfòmasyon ekonomik ak enèji pwòp nan Long Island ak nan Eta New York. Je peyi a sou rejyon nou an pandan n ap kontinye vin yon lidè nan kreye travay ak opòtinite pou chèn apwovizyone pandan n ap konbat chanjman klimatik an menm tan an patenarya ak Ørsted ak Equinor."

Direktè New York Offshore Wind Alliance, Fred Zalcman, te deklare, "Prim pou plizyè OSW nan etap avanse Administrasyon Hochul la prevwa yon gwo viktwa pou ekonomi ak anviwònman New York la, epi li ankre New York byen fèm kòm yon sant enpòtan nan fabrikasyon konpozan pwojè yo ak aktivite konstriksyon bò pò yo. Avèk anons jodi a, eta a te byen simonte van kontrè ekonomik mondyal la apre COVID la epi li te mete yon fason desizif endistri enèji ewolyèn bò kot Etazini an sou yon baz ki pi fèm ak plis enklizif, pandan l ap pwoteje enterè konsomatè yo."

Prezidan Lig Elektè Konsèvatè (League of Conservation Voters) New York la, Julie Tighe, te deklare, "Seleksyon Empire 1 ak Sunrise Wind – de pwojè ki pare pou inogire ki pral avanse ane sa a – pa sèlman yon avantaj pou pòtfèy enèji pwòp eta a, li pral tou relanse chèn apwovizyònman enèji renouvlab domestik la pandan y ap bay dè santèn travay konstriksyon byen peye, sa k ap fè li yon sitiyasyon gayan gayan pou anviwònman an ak ekonomi an. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li rekonèt pa gen okenn menas ki pi ijan pase chanjman klimatik la epi pa gen pi gwo bezwen pase soti nan konbistib fosil epi respekte pwomès enèji pwòp eta a."

Direktris Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwònman an, Adrienne Esposito, te deklare, "Seleksyon Sunrise Wind ak Empire Wind montre klèman ke New York pran angajman pou avanse enèji ewolyèn bò kot ak kontinye revolisyon enèji renouvlab nou an. De pwojè enèji ewolyèn bò kot sa yo deja byen avanse nan pwosesis regilatwa ak anplasman an ki bay yon avantaj tan ke NY te pwofite ak sajès. Kontinye pwojè sa yo se yon desizyon ekonomik entelijan ki pral bay djòb lokal yo, yon lè ki pi pwòp epi ki pral ede nou atenn objektif rediksyon kabòn nou yo. Anons ki gen anpil valè sa a kreye momantòm pozitif pou tranzisyon enèji nou an epi li di avèk kran ke NY ouvri pou biznis pou aplikasyon enèji ewolyèn bò kot la. Mèsi pou lidèchip Gouvènè Hochul ak ekip NYSERDA pou revizyon rapid ak apwofondi yo. Ansanm, n ap konstwi yon New York ki pi pwòp, ki pi vèt."

Direktè Egzekitif Alyans Jistis Anviwònmantal Vil New York la (New York City Environmental Justice Alliance), Eddie Bautista, te deklare, "NYC-EJA trè kontan wè pwojè enèji ewolyèn bò kot sa yo ap vanse. Pwojè sa yo pote opòtinite pou modènize pò ak enfrastrikti enèji nou yo yon fason konsiderab pandan y ap netwaye lè nou respire a. Re-endistriyalizasyon bòdmè nou an, si li fèt kòrèkteman, pral anplwaye manm kominote nou yo epi li pa oblije fèt nan detriman sante nou. Nou pa ka tann pou nou jwe yon pati aktif nan devlopman ak operasyon pwojè sa yo pou asire ke moun klas travayè yo nan katye nou an finalman benefisye investisman sa yo."

Prezidan Sant pou kwasans Ekonomik lan, Mark Eagan te deklare, "Anons jodi a montre angajman Eta New York pou konstwi yon mache dirab ak solid pou enèji ewolyèn bò kot. CEG pa ka tann pou kontinye patenarya li yo ak Empire Wind ak Sunrise Wind pou bay benefis kominotè ak ekonomik nan Rejyon Kapital la."

Prezidan Direktè Jeneral Kòporasyon Devlopman Ekonomik Vil New York (New York City Economic Development Corporation, NYCEDC), Melissa Román Burch, te deklare, "Seleksyon NYSERDA nan pwojè Empire Wind 1 Equinor a nan katriyèm faz solisitasyon enèji ewolyèn bò kot eta a fè avanse nan yon etap pi pre pou transfòme Tèminal Maren Sid Brooklyn (SBMT) la an youn nan pi gwo enstalasyon pòtyè enèji ewolyèn bò kot nan nasyon an epi li trase wout la pou kreyasyon travay sinifikatif nan sektè enèji pwòp la. Nou pa ka tann pou nou travay ak patnè nou yo nan sektè prive a, ansanm ak nan gouvènman eta a ak vil la, pou kontinye revitalize enfrastrikti litoral nou an, bati yon avni enèji pwòp, epi kreye travay pou tout Nouyòkè yo."

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Investisman New York (New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplèmantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan dis 2030. ak 85 pousan dis 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan

pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 40 milya dola nan 64 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)